

ANNOU FE LWANJ SENYE A!



Prepare pà Watson Goodman

Gratis — pa pou vann

PISANS ESPIRITYEL NAN LWANJ

Limyè prezans Senyè a te plen tanp Bondye a nan mitan lwanj (2 Kwonik 5:13, 14). Lè yo te fè lwanj Senyè a jis avan yon batay, Li te ba yo yon gran viktwa (2 Kwonik 20:1-24). “Men, se ou menm ki Bondye, ou chita sou fòtèy ki apa pou ou a. Pèp Izrayèl la ap fè lwanj ou” (Sòm 22:3). Bondye viv nan lwanj fèt pà pèp chwazi Li a. Yon moun ki vrèman fè lwanj Bondye depi nan fon kè li va ranpli pi plis ak Lespri a, paske Bondye va viv nan lwanj sa yo. Yon mwayen sèten pou lavi ou ka vin pi ranpli ak prezans e ak pisans Bondye se pou fè L lwanj.

Pisans espirityèl ki sòti nan Senyè a vini pà Lespri Li (“...plen kè nou ak Sentespri.”); pà mwayen: Pawòl Li, San Li, Non Li, Renmen Li; pà lapriyè yon moun k'ap viv dwat devan Bondye; e pà obeyisans anvè Bondye. Nan ti liv sa a nou te wè yon lòt mezi ki genyen nan pisans la — sa se pou fè lwanj Senyè a. Plis yon moun fè L lwanj ki sòti nan yon kè plen renmen, plis la genyen pisans espirityèl.

“Pawòl Bondye” an Ayisen, © Societe Biblique Haïtienne, Editon Corrigée 1998 - United Bible Societies. Permission granted by American Bible Society.

FE LWANJ SENYE A AK YON KE KI KONTAN NET ALE

Nou tout k'ap viv jan Bondye vle l la, fè kè nou kontan, chante pou sa Senyè a fè pou nou.

—Sòm 32:11a

Pawòl Bondye a t'ap gaye toupatou nan peyi a. Nan Antyòch menm, disip yo te kontan anpil, Sentespri te plen kè yo.

—Travay 13:49, 52

Paske, konfyans nou se tankou lò li ye. Yo blije pase lò a, ki yon bagay perisab, nan dife pou wè si l bon. Konsa tou, konfyans nou ki gen plis valè pase lò a gen pou pase anba eprèv tou, pou nou ka resevwa lwanj, onè ak respè lè Jezikri va parèt. Nou renmen l, atout nou pa te wè l. Nou gen konfyans nan li, atout nou pa wè l kounyeya. Konsa, nou kontan ak yon kontantman nou pa ka eslike men ki merite lwanj.

—1 Pyè 1:7, 8

Frè m yo, nou pa bezwen sezi devan gwo eprèv sa yo k'ap tonbe sou nou tankou yon gwo dife. Nou pa bezwen konprann sa se yon bagay estraòdinè k'ap rive nou la a. Okontrè, fè kè n kontan. Paske, menm jan nou patisipe nan soufrans Kris yo, konsa tou n'a kontan nèt ale lè gwo pouvwa Kris la va parèt.

—1 Pyè 4:12, 13

Konsa tou, kounyeya nou nan lapenn. Men, mwen gen pou m wè nou ankò. Lè sa a, kè nou pral kontan, pèsonn p'ap ka wete kontantman sa a nan kè nou.

—Jan 16:22

2 METE TOUT KE OU NAN LWANJ SENYE A

Se pou nou renmen Senyè a, Bondye nou an, avèk tout kè nou, avèk tout nanm nou, avèk tout fòs kouray nou.

—Detewonòm 6:5

M'a fè Iwanj ou ak tout kè m, Senyè. M'a rakonte tout bèl mèvèy ou yo.

—Sòm 9:1

Senyè, m'ap di ou mèsi ak tout kè m. La, devan lòt bondye yo, m'ap chante, m'ap jwe gita.

—Sòm 138:1

Kite m di Senyè a mèsi! Kite m di Senyè ki pa tankou tout moun lan mèsi ak tout nanm mwen!

—Sòm 103:1

—Yon nonm ki bon, se bon bagay li rale sòti nan kè li ki bon.

—Lik 6:45a

Lè n'ap pale yonn ak lòt, sèvi ak pawòl ki nan sòm yo, nan kantik yo, ak nan chante Lespri Bondye a moutre nou. Chante kantik ak sòm pou Senyè a lè n'ap fè Iwanj li ak tout kè nou.

—Efezyen 5:19

Nom sa te Mete Tout Kè I nan Lwanj Li

Li pran men dwat li, li fè I kanpe. Menm lè a tou, pla pye enfim lan ak zo jwenti pye l yo vin fèm. Li fè yon sèl sote, li kanpe sou de pye l, li pran mache. Li antre nan tanp lan avèk yo, li t'ap mache, li t'ap ponpe, li t'ap fè Iwanj Bondye.

—Travay 3:7, 8

4 SYEL LA PLEN LWANJ

Lwanj pou Senyè a! Nou menm ki rete anwo nan syèl la, fè Iwanj Senyè a! Fè Iwanj li anwo nan syèl la! Se pou nou tout zanj li yo fè Iwanj li. Se pou nou tout lame ki nan syèl la fè Iwanj li. Solèy ak lalin, fè Iwanj li! Zetwal k'ap klere nan syèl la, fè Iwanj li! Se pou yo fè Iwanj li anwo nèt nan syèl la. Se pou tout dlo ki pi wo pase syèl la fè Iwanj li. Se pou yo tout fè Iwanj Senyè a! Paske, li annik pase yon lòd, epi tout bagay fèt. Li mete yo chak nan plas yo pou tout tan. Li ba yo yon lòd, yo pa ka pa obeyi l. Se pou nou tout fè Iwanj Senyè a, paske li gen yon non ki pi gwo pase tout lòt non. Pouwva li pi wo pase syèl la ak latè a.

—Sòm 148:1-6, 13

Pratike Sa Si Se Nan Direksyon

Sa W'a Prale

Se pou syèl la ansanm ak latè a, lanmè a ansanm ak tout sa ki ladan li fè Iwanj Bondye.

—Sòm 69:34

Se Poutèt Sa Li Te Rachte Ou

Pou nou menm ki mete konfyans nou nan wòch la, wòch la gen anpil valè. Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prêt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou sòti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a. Anvan sa, nou pat menm yon nasyon. Men kounyeya, nou se pèp Bondye a.

—1 Pyè 2:7a, 9, 10a

FWI LWANJ YO

3

Bondye Abite Kote Gen Lwanj

Men, se ou menm ki Bondye, ou chita sou fòtèy ki apa pou ou a. Pèp Izrayèl la ap fè Iwanj ou.

—Sòm 22:3

Pou Ou Kapab Gen Kè Kontan epi pòte fwi, Pwoche Kote Bondye ak Lwanj

Bondye, ou merite vre pou yo fè Iwanj ou sou Mòn Siyon.

—Sòm 65:1a

Vini non, ann fè kè nou kontan, ann chante pou Senyè a! Ann fè fèt pou moun k'ap pwoteje nou an, pou moun k'ap delivre nou an! Ann parèt devan li pou nou di l mèsi! Ann chante yon chante pou fè Iwanj li!

—Sòm 95:1, 2

Mete Lwanj an Premye; Benediksyon yo va Swiv

Se pou tout pèp sou latè fè Iwanj ou, Bondye. Wi, se pou tout pèp sou latè fè Iwanj ou. Latè bay rekòt. Bondye ki Bondye nou an te voye benediksyon li sou nou.

—Sòm 67:5, 6

Lwanj Fè Wont Disparèt

Paske, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou.

—2 Timote 1:7

Lwanj Se yon Sakrifis Kretyen; Bay Tèt Ou a Sa

Gremesi Jezikri, sèl ofrann san n'ap ofri bay Bondye a, se Iwanj n'ap ba li tout tan. Se tout tan pou non I nan bouch nou.

—Ebre 13:15

4 TOUT MOUN ENVITE ANTRE NAN KORAL LWANJ LI

5

Nou tout pèp yo, bat bravo! Fè Iwanj Senyè a! Rele ak kè kontan! Chante pou Bondye, fè Iwanj li! Wi, chante pou wa nou an, fè Iwanj li! Paske, se Bondye ki wa sou tout latè.

—Sòm 47:1, 6, 7a

Nou tout ki rete sou latè, rele ak kè kontan pou Bondye! Fe fèt pou fè Iwanj Bondye! Tout moun ki rete sou latè ap adore ou. Y'ap chante pou ou, y'ap chante pou sa ou fè.

—Sòm 66:1, 4

Se pou tout nasyon yo fè kè yo kontan. Se pou yo chante tèlman yo kontan, paske ou jije pèp yo san patipri, ou dirije tout nasyon ki sou latè.

—Sòm 67:4

Se pou tou sa ki gen souf fè Iwanj Senyè a! Lwanj pou Senyè a!

—Sòm 150:6

Se ou menm k'ap fè m chante, se ou menm k'ap fè kè m kontan. Bondye ki anwo nan syèl la, m'a chante Iwanj ou.

—Sòm 9:2

Fè Iwanj Li pou Bonte ak Verite Li

Nou menm nasyon yo, fè Iwanj Senyè a! Nou menm tout pèp yo, fè Iwanj li! Paske, li renmen nou anpil anpil, l'ap toujou kenbe pawòl li. Lwanj pou Senyè a!

—Sòm 117:1, 2

Paske, pawòl Senyè a se verite. Li fè tout bagay jan I te di I la.

—Sòm 33:4

6 FE LWANJ SENYE A AKOZ KI MOUN LI YE

Pèp la menm te kontan bay sa yo t'ap bay pou Senyè a paske yo te fè l ak tout kè yo. Wa David tou te kontan anpil. Lè sa a, David fè Iwanj Bondye devan tout pèp la ki te reyini. Li di konsa: —Lwanj pou ou, Senyè a, Bondye Izrayèl, papa nou, depi tout tan ak pou tout tan! Senyè, ou gen pouvwa, ou gen kouray! Se pou ou tout Iwanj. W'ap domminen sou tout bagay pou tout tan. Tou sa ki nan syèl la ak sou latè a se pou ou yo ye. Se ou menm Senyè ki sèl wa, paske ou sèl chèf sou tout bagay. Se nan men ou tout richès ak tout byen sòti. Ou gouvènen tout bagay avèk fòs ponyèt ou ak pouvwa ou. Se ou menm ki bay tout moun pouvwa ak fòs. Kounyeya, Bondye nou, nou di ou mèsi. N'ap fè Iwanj pou ou sitèlman ou gen pouvwa. —1 Kwonik 29:9-13

—Senyè ki gen tout pouvwa a, li apa! Wi, li apa! Se yon Bondye ki apa vre! Pouvwa li kouvri tout latè. —Ezayi 6:3b

Senyè, se ou ki Bondye mwen! M'a di jan ou gen gwo pouvwa, m'a fè Iwanj ou! Ou fè anpil bèle bagay. Plan travay ou te fè nan tèt ou depi lontan an, ou realize l nèt, jan ou te vle l la. —Ezayi 25:1

Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo. —Revelasyon 19:16

8 FE LWANJ SENYE A AKOZ KI MOUN LI YE

Kat bèt vivan yo t'ap chante pou fè Iwanj moun ki chita sou fòtèy la, pou rann li onè, pou di l mèsi, li menm ki vivan pou tout tan an. Chak fwa yo pran chante, vennkat granmoun yo tonbe ajenou fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo adore moun ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo devan fòtèy la. Yo di: O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa Iwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l. —Revelasyon 4:9-11

Apre sa, mwen gade ankò, mwen wè yon gwo foul moun. Pèsonn pat kapab konte kantite ki te gen landan li. Se te moun tout lòt nasyon, tout kalite ras, pèp tout peyi ak tout lang. Yo te kanpe la devan fòtèy la ak devan ti Mouton an. Yo te gen rad tou blan sou yo, yo te gen fèy palmis nan men yo. Yo t'ap rele byen fò, yo t'ap di: —Se Bondye nou an ki chita sou fòtèy la. Se li menm ansanm ak ti Mouton an ki vin delivre nou. Tout zanj yo kanpe, yo fè yon wonn, yo mete fòtèy la, granmoun yo ak kat bèt vivan yo nan mitan yo. Yo lage kò yo atè devan fòtèy la, yo bese tèt yo byen ba pou adore Bondye, yo t'ap di: —Se vre wi. Iwanj, onè, bon konprann, rekonesans, respè, pouvwa ak fòs, tou sa pou Bondye nou an pou tout tan. Amèn. —Revelasyon 7:9-12

FE LWANJ SENYE A AKOZ KI MOUN LI YE 7

Apre sa, mwen wè yon bagay ki te tankou yon lanmè fèt an kristal mele ak dife. Mwen wè tou moun ki te genyen nan batay yo t'ap mennen kont bèt la, kont estati l la, kont moun ki gen yon nimewo ki korespond ak non l lan. Yo tout yo te kanpe bò lanmè kristal la, yo te gen nan men yo gita Bondye te ba yo a. Yo t'ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, ansanm ak chante ti Mouton an. “Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa, tou sa ou fè, se bèle bagay! Ou menm ki wa tout nasyon, plan travay ou yo dwat, se verite yo ye. Ki moun ki pa ta gen krentif pou ou, Mèt? Ki moun ki pou ta refize fè Iwanj ou? Se ou menm sèl ki sen. Tout nasyon yo gen pou vini pou yo bese tèt yo devan ou, pou yo adore ou. Paske, yo wè aklè sa ou fè se bagay ki dwat.”

—Revelasyon 15:2-4

Devan Bondye ki bay tout bagay lavi, devan Jezikri ki te fè yon bèle deklarasyon devan Pons Pilat pou fè wè jan li gen lafwa, men sa m'ap mande ou: Swiv kòmandman mwen ba ou a, pa chanje anyen ladan l pou yo pa jwenn anyen pou repwoche ou lè Jezikri, Senyè nou an, va parèt. Lè lè a va rive, Bondye va fè nou wè l. Se li menm ki sèl otorite, se pou li sèl nou dwe fè Iwanj. Li wa tout wa, li chèf tout chèf. Se sèl moun ki p'ap janm mouri, li rete nan yon limyè kote pèsonn pa ka pwoche. Pèsonn pa janm wè l, pèsonn pa ka wè li. Se pou li tout onè ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn. —1 Timote 6:13-16

FE LWANJ GWO POUVWA LI 9

Senyè a gen gwo pouvwa, li merite pou yo fè Iwanj li vre. Moun p'ap janm fin konprann jan li gen pouvwa! Papa va fè Iwanj ou devan pitit yo pou tou sa ou te fè. Y'a rakonte tout bèle bagay ou fè yo. M'a rakonte jan ou gen pouvwa, jan ou gen fòs. M'a fè konnen bèle mèvèy ou yo. Y'a di jan ou gen pouvwa kifè moun respekte ou. M'a rakonte jan ou gen fòs. Y'a fè tout moun chonje jan ou gen bon kè. Y'a chante pou ou, paske ou pa nan patipri. Senyè a gen pitye pou nou. Li gen bon kè. Li pa fasil fè kòlè. Li p'ap janm sispann renmen nou! Senyè a bon pou tout moun san patipri. Li gen pitye pou tou sa li fè. Senyè, tou sa ou fè ap fè Iwanj ou! Tout moun pa ou yo ap di ou mèsi! Y'a di jan ou gouvènen avèk otorite. Y'a fè konnen jan ou gen pouvwa, pou tout moun ka konnen jan ou gen fòs, jan ou gouvènen avèk otorite. Gouvnèman ou lan la pou tout tan. W'ap domminen pou tout tan. Senyè a ap toujou kenbe pawòl li yo, Li bon nan tou sa li fè.

—Sòm 145:3-13

Lwanj pou Senyè a! Lwanj pou Bondye nan Tanp ki apa pou li a! Lwanj pou Bondye nan syèl la kote pouvwa li parèt aklè! Lwanj pou li pou bèle bagay li fè yo! Lwanj pou li pou jan li gen anpil anpil fòs!

—Sòm 150:1, 2

10 FE LWANJ LI POU FOTEY LI AK GRO POUVWA LI

Gouvènman ou lan la pou tout tan tout tan. W'ap gouvènen san patipri tankou yon wa nan peyi ou la.

—Sòm 45:6

Men sa Senyè a di ankò: —Syèl la, se fòtèy kote mwen chita a. Tè a, se ti ban pou m lonje pye m.

—Ezayi 66:1a

Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Pa fè sèman menm. Pa fè sèman sou syèl la, paske syèl la se fòtèy kote Bondye chita.

—Matye 5:34

Senyè a mete fòtèy li anwo nan syèl la, l'ap gouvènen tout bagay. Nou menm zanj li yo ki vanyan, ki gen fòs, nou menm k'ap fè tou sa li mande nou fè, nou menm k'ap koute sa l'ap di nou, fè Iwanj Senyè a! Nou tout ki fè pati lame ki nan syèl la, nou tout k'ap sèvi l, k'ap fè volonte li, di Senyè a mèsi! Nou tout kreyati Bondye, nou tout ki toupatou kote l'ap gouvènen, di Senyè a mèsi! Wi, kite m di Senyè a mèsi!

—Sòm 103:19-22

Apre sa, mwen wè yon gwo fòtèy blan ak moun ki te chita sou li a. Syèl la ak tè a pran kouri devan l, yo disparèt nèt ale.

—Revelasyon 20:11

Jezi gade yo, li di: —Moun pa ka fè sa, se vre. Men, pa gen anyen Bondye pa kapab fè.

—Matye 19:26

12 FE LWANJ LI POU VIKTWA LI

Nan Kris la Tout Moun va Viv pou Tout Tan

Paske menm jan se yon sèl moun ki fè lanmò antre sou latè, menm jan an tou se yon sèl moun ki fè moun ki mouri yo kapab leve vivan ankò. Menm jan tout moun gen pou mouri paske yo fè yonn ak Adan, konsa tou, tout moun ki fè yonn ak Kris la ap gen lavi ankò. Men, chak moun va leve sòti nan lanmò nan tan pa yo: Kris la an premye anvan tout moun, apre sa, moun ki pou Kris la, se va tou pa yo pou yo leve sòti vivan lè Kris la va tounen ankò. Apre sa, se va lafen. Lè sa a, Kris la menm pral kraze tout chèf, tout otorite ak tout pouvwa. Lè l fini, l'ap renmèt gouvènman peyi kote li wa a nan men Bondye Papa a. Paske Kris la gen pou l gouvènen tankou yon wa jouk lè Bondye va fin genyen batay la nèt sou tout lènmi l yo, pou l mete yo anba pye li. Nan tout lènmi l yo, se lanmò k'ap kraze an dènye.

—1 Korent 15:21-26

Alafen Y'ap Jete Satan Deyò

Kounyeya, lè a rive pou yo jiye moun ki sou tè sa a. Kounyeya, yo pral mete chèf k'ap dominen lemnou lan deyò.

—Jan 12:31

Yo jete gwo dragon an deyò. Se li menm, sépan ki la depi lontan an, li menm yo rele dyab la osinon Satan, k'ap plede twonpe tout moun. Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l nan lètan dife ak souf la, menm kote yo te déjà jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lan-nwit pou tout tan.

—Revelasyon 12:9a, 20:10

FE LWANJ LI POU GLWA LI 11

Pou moun pèp Izrayèl yo menm, pouvwa Senyè a te parèt tankou yon gwo dife ki t'ap boule sou tèt mòn lan.

—Egzòd 24:17

Fè Iwanj Senyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Se li menm sèl ki ka fè bèle mèvèy sa yo. Fè Iwanj li pou gwo pouvwa li. Se pou toupatou sou latè yo rekònèt gwo pouvwa li. Wi, se vre! Amèn! —Sòm 72:18, 19

Yo pral kache kò yo nan twou wòch. Yo pral fouye twou anba tè pou yo chape anba kòlè Senyè a. Seziman va pran yo lè y'a wè Senyè a. Y'a kouri al kache lè pouvwa li va parèt aklè. Yon jou gen pou vini! Lè sa a, p'ap gen moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun ankò! P'ap gen moun k'ap fè awogan ankò sou moun! Jou sa a, Senyè a va sèl chèf.

—Ezayi 2:10, 11

Senyè a pral fè wè pouvwa li a! Tout moun pral wè l menm lè a. Se Senyè a menm ki di sa ak bouch li.

—Ezayi 40:5

Se pa solèy la ki pral klere nou lajounen. Ni nou p'ap bezwen klète lalin lan pou klere nou lannwit. Se mwen menm, Senyè a, ki pral sèvi nou limyè pou tout tan. Se Bondye nou an ki pral leve tèt nou.

—Ezayi 60:19

[Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout Iwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn.]

—Matye 6:13b

FE LWANJ LI PASKE LI SE 13 GRAN SOUVREN AN

Fè yo konnen se ou menm sèl ki Senyè, se ou menm ki sèl chèf sou tout latè.

—Sòm 83:18

Senyè a touye, lèfini li bay lavi ankò. Li fè moun desann nan peyi kote mò yo ye a. Li mennen yo tounen ankò. Li fè moun rich, li fè moun pòv. Li desann moun jouk atè, lèfini li fè yo kanpe ankò. Li wete pòv yo nan lapenn yo, li bay endijan yo men pou yo sòti nan mizè yo. Li fè yo chita menm kote ak grannèg yo. Li ba yo bèle pozisyon nan lasosyete. Fondasyon latè, se nan men Senyè a sa ye. Se sou yo li bati tou sa ki la.

—1 Samyèl 2:6-8

Senyè ki gen tout pouvwa, se ou menm ki sèl chèf sou tout latè, W'ap donminen sou tout bondye yo.

—Sòm 97:9

Se poutèt sa, Bondye leve l mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non.

—Filipyen 2:9

Senyè a ap gouvènen. Gade jan li gen pouvwa! Gade jan li gen fòs! Latè kanpe fèm nan plas li, anyen pa ka brannen l. Senyè, gouvènman ou lan chita fèm depi nan tan lontan. Ou menm, ou la depi tout tan.

—Sòm 93:1, 2

Paske men sa ki ekri nan Liv la: Mèt la di: Jan nou konnen mwen vivan an vre, konsa tou, tout moun gen pou mete ajenou devan mwen. Nan tout lang moun va pale byen fò pou rekònèt pouvwa Bondye.

—Women 14:11

14 GRAN BONDYE NOU LEVE BYEN WO

Li di: —Rete la! Sispann goumen! Konnen se mwen menm ki Bondye. Se mwen k'ap donminen sou tout nasyon yo. Se mwen k'ap donminen sou tout latè. —Sòm 46:10

Senyè a donminen sou tout nasyon yo. Pouvwa li moute pi wo pase syèl la. —Sòm 113:4

Senyè, leve non. Fè yo wè fòs ou! N'a chante, n'a fè Iwanj pou jan ou gen pouvwa! —Sòm 21:13

Lwanj pou Senyè a, Bondye nou an! Bese tèt nou devan fòtèy li. Se Bondye tout bon li ye! —Sòm 99:5

Ala pouvwa Senyè a genyen! Li donminen sou tout bagay! L'ap fè tout moun mache dwat nan lavil Jerizalèm. Pèsonn p'ap fè lenjistis sou mòn Siyon an. —Ezayi 33:5

Bondye, fè wè nan syèl la jan ou gen pouvwa non! Fè wè pouvwa ou sou tout latè! —Sòm 57:11

Se mwen menm Bondye ki anwo nèt nan syèl la, Bondye ki la pou tout tan an, Bondye ki apa nèt la. Men sa mwen di: mwen rete yon kote ki anwo nèt, yon kote ki apa pou mwen nèt. Men mwen kanpe la avèk moun ki soumèt yo devan m, avèk moun ki gen lapenn tout bon pou sa yo fè ki mal, pou m ka remoute kouray yo, pou m ba yo konfyans ankò. —Ezayi 57:15

Men, Senyè a pral moutre jan li gen pouvwa lè la fè sa li gen pou l fè a. Li pral fè wè jan li se Bondye tout bon ki apa a lè la jije pèp li a. —Ezayi 5:16

16 FE LWANJ LI PASKE SE SENYE LI YE

Senyè, se ou menm ki sèl mèt. Pa gen lòt. Se ou ki fè syèl la, sa ki anwo syèl la ansam ak tout sa ki ladan l. Se ou ki fè tè a ak tou sa ki sou li, lanmè a ak tou sa ki ladan l. Se ou ki bay tout bagay sa yo lavi. Tout pouvwa nan syèl la bese tèt devan ou pou adore ou. —Neyemi 9:6

Senyè, Bondye mwen, m'ap fè Iwanj ou ak tout kè m, mwen p'ap janm sispann fè konnen jan ou gen pouvwa! —Sòm 86:12

Se mwen menm ki Senyè a, se konsa yo rele m. Mwen p'ap bay yon lòt bondye pouvwa mwen an. Mwen p'ap kite yo bay zidòl yo Iwanj ki pou mwen an. —Ezayi 42:8

Jezikri Se Senyè

Pou nou menm, se yon sèl Bondye a ki genyen: se Papa a ki kreye tout bagay epi se pou li n'ap viv. Pou nou menm, se yon sèl Mèt ki genyen: se Jezikri, se nan li tout bagay sòti, se li k'ap fè nou viv tou. —1 Korent 8:6

—Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Senyè, se li menm Bondye fè Kris la. —Travay 2:36

Tout moun va rekonèt Jezikri se Senyè a. Sa va sèvi yon Iwanj pou Bondye Papa a. —Filipyen 2:11

Pa janm blyie: Senyè a, se Bondye li ye. Se li menm ki fè nou, se pou li nou ye. —Sòm 100:3a

15 FE LWANJ LI PASKE LI SE GRAN PWOPRIYETE A

Kounyeya menm, si nou koute sa mwen di nou, si nou kenbe kontra mwen an, se nou menm m'ap chwazi pou moun pa m nan mitan tout pèp ki sou latè. Tout latè se pou mwen, se vre. —Egzòd 19:5

Yon tè pa fèt pou vann pou tout tan, paske tè pa pou nou, se pou mwen li ye. Nou menm, nou tankou moun lòt peyi ki rete lakay mwen: mwen ban nou dwa sèvi sou tè a. —Levitik 25:23

Tou sa ki nan syèl la ak sou latè a se pou ou yo ye. Se ou menm Senyè ki sèl wa, paske ou sèl chef sou tout bagay. Men, kisa m ye, kisa pèp mwen an ye menm, pou m ta kapab ofri ou tout bagay sa yo ak tout kè nou? Se nan men ou tout bagay sa yo sòti, se nan sa nou resevwa nan men ou n'ap ba ou.

—1 Kwonik 29:11b, 14

Lè li te fè Kris la leve sòti vivan nan mitan mò yo, li fè l chita sou bò dwat li nan syèl la. Li mete Kris la anwo tout chèf, anwo tout otorite, tout pouvwa ak tout dominasyon. Kris la pi wo pase tout gwo non yo kapab bay moun non sèlman kounyeya sou latè, men nan tan ki gen pou vini an tou. Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete l pou l sèl chèf legliz la. —Efezyen 1:20-22

Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se pou-tèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè Iwanj Bondye.

—1 Korent 6:20

17 BAY BONDYE GLWA AK LWANJ LA

Lè yon moun chonje di m mèsi pou tout bagay, se lè sa a li fè Iwanj mwen. M'ap delivre tout moun k'ap veye kote y'ap mete pye yo. —Sòm 50:23

M'a chante pou Bondye, m'a fè Iwanj li. M'a di l mèsi, m'a fè konnen jan li gen pouvwa. —Sòm 69:30

Se ou ki Bondye mwen, mape di ou mèsi. Bondye mwen, m'ap di jan ou gen pouvwa! —Sòm 118:28

Kretyen yo Dwe Ini Yo Nan Lwanj la
Konsa, n'a mete kè nou ak bouch nou ansam pou fè Iwanj Bondye, papa Jezikri, Senyè nou an. —Women 15:6

Fè Iwanj non Senyè ki gen pouvwa a! Adore Se-nyè a nan bèl kay ki apa pou li a! —Sòm 29:2

Nou tout ki gen krentif pou Senyè a, fè Iwanj li. Nou tout pitit pitit Jakòb yo, chante pou li. Nou tout pèp Izrayèl la, adore li. —Sòm 22:23

Si yon moun ap pale, se pou l pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li fè l ak fòs Bondye ba li. Konsa, nan tout bagay Iwanj lan va pou Bondye, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout Iwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn. —1 Pyè 4:11

18 DEKLARE GLWA LI AK POUVWA LI

Fè nasyon yo konnen pouvwa li. Fè tout pèp yo konnen bél bagay li fè yo. Senyè a gen gwo pouvwa. Li merite pou yo fè lwanj li vre. Se pou moun pè 1 pi plis pase lòt bondye yo.

—Sòm 96:3, 4

Bondye, fè wè nan syèl la jan ou gen pouvwa non! Fè wè pouvwa ou sou tout latè!

—Sòm 57:5

Chante pouvwa Bondye! Fè gwo fêt pou fè lwanj li!

—Sòm 66:2

Senyè, Bondye mwen, se ou menm ki konmanse fè sèvitè ou la wè jan ou gen pouvwa, jan ou gen fòs kouray. Pa gen lòt bondye ni nan syèl, ni sou latè ki ka fè tout gwo bagay w'ap fè yo.

—Detewonòm 3:24

Nou tout k'ap viv jan Bondye vle l la, fè kè nou kontan pou sa Senyè a fè. Nou tout k'ap mache dwat devan li, li bon pou n fè lwanj li.

—Sòm 33:1

M'ap fè lwanj li pou sa li te fè. Se pou tout moun anba tray tande sa pou yo ka fè kè yo kontan.

—Sòm 34:2

Mwen pare, Bondye. Mwen pral chante, mwen pral fè lwanj ou ak tout kè mwen. Bondye, fè wè nan syèl la jan ou gen pouvwa! Fè yo wè pouvwa ou sou tout latè!

—Sòm 108:1, 5

Senyè, Mèt nou, se toupatou sou latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa! Pouvwa ou moute pi wo pase syèl la!

—Sòm 8:1

20 FE LWANJ A BONDYE POU GRAN ZEV LI YO

Lè m'ap gade syèl ou fè ak men ou lan, lalin ak zetwal ou mete ladan li, m'ap mande: —Kisa lèzòm ye pou ou chonje yo konsa? Kisa yo ye menm pou ou pran ka yo konsa?

—Sòm 8:3, 4

Syèl la fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Li fè wè tou sa Bondye te fè ak men l.

—Sòm 19:1

Pou m fè tout moun tande jan m'ap di ou mèsi, pou m rakonte tout bél bagay ou yo.

—Sòm 26:7

Senyè, Bondye mwen, ou te fè anpil bél mèvèy pou nou, ou te fè anpil lide pou nou. Pa gen tankou ou, Senyè! Mwen ta renmen fè moun konnen yo, mwen ta renmen pale sou yo. Men, yo sitèlman anpil, mwen pa ka rakonte yo.

—Sòm 40:5

M'ap fè lwanj ou, paske ou pa manke fè bél bagay. Tou sa ou fè se bél bagay. Mwen konn sa byen.

—Sòm 139:14

Bagay Senyè a fè se gwo zafè! Tout moun ki kontan wè yo ap chache konprann yo. Tou sa li fè, se respè, se chapo ba. Jistis li la pou tout tan.

—Sòm 111:2, 3

FE LWANJ A BONDYE POU GRAN PLAN LI AN 19

Men kounyeya, avèk legliz la, tout chèf ak tout otorite ki nan syèl la pral rive konnen bon konprann Bondye a sou tout fòm li yo. Bondye aji konsa daprè plan ki te la depi lontan an. Se plan sa a li reyalize nan Jezikri, Senyè nou an.

—Efezyen 3:10, 11

Bondye ap fè tout bagay rive jan l te deside l la ak jan l te vle l la. Konsa, nou menm jwif, nou se moun Bondye te chwazi depi davans daprè plan li. Le n'ap viv ansanm nan Kris la, nou resevwa pòsyon pa nou nan byen l yo.

—Efezyen 1:11

Men, Bondye gen jan pa l pou l chwazi moun. Bondye pa chwazi yon moun paske moun lan fè anyen pou sa, men paske Bondye vle chwazi li.

—Women 9:11

Senyè ki gen tout pouvwa a fè sèman, li di konsa:
—Sa se sèten. Sa m te fè lide fè a, m'ap fè l. Sa m te deside fè a ap rive vre. M'ap kraze lame wa Lasiri a nan peyi mwen an. M'ap pilonnen l anba pye m sou mòn mwen yo. M'ap wete pye l sou kou pèp mwen an, m'ap wete chay li te mete sou zepòl yo a. Men sa mwen fè lide fè pou latè. Mwen pral leve men m pou m pini tout nasyon yo.

—Ezayi 14:24-26

FE LWANJ LI POU VOLONTE LI AK LIDE LI 21

Pou Gran Volonte Li

Se pa sèlman lè yo la ap gade nou pou nou aji konsa, tankou moun k'ap achte figi. Lekontrè, fè sa Bondye vle nou fè a ak tout kè nou, tankou moun k'ap sèvi Kris la.

—Efezyen 6:6

Men sa pou nou te di: Si Bondye vle, n'a wè denmen, n'a fè sa osinon sa.

—Jak 4:15b

Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen si bagay m'ap moutre yo sóti nan Bondye.

—Jan 7:17a

Tout moun ki fè sa Papa m ki nan syèl la mande pou yo fè, se moun sa yo ki frè m, ki sè m, ki manman m.

—Matye 12:50

Pou Gran Lide Li yo

O, gade jan Bondye rich non! Bon konprann li, konesans li, nou pa ka sonde yo! Sa depase nou anpil. Ki moun ki ka esplike jijman Bondye? Ki moun ki konprann lide li gen nan tèt li?

—Women 11:33

Bondye oo! Tou sa ou fè bon nèt ale. Ou toujou kenbe pawòl ou.

—Sòm 18:30a

Menm jan syèl la byen lwen anwo latè, se konsa lide pa m byen lwen anwo lide pa nou.

—Ezayi 55:9a

... M'ap fè fêt pou wa ki nan syèl la, m'ap fè lwanj pou li, m'ap di jan li gen pouvwa. Tou sa li fè bon. Li pa fè paspouki pou pèsonn....

—Danyèl 4:37

22 FE LWANJ LI POU NON LI KI TOUPISAN

Fè Iwanj li paske li merite sa! Pote ofrann ba li anndan lakay li! Adore Bondye nan bèl kay ki apa pou li a! Nou tout ki sou latè, tranble devan li.

—Sòm 96:8, 9

—Jou sa a, n'a pran chante: Ann di Bondye mèsi!
Ann lapriyè nan pye l! Fè tout nasyon yo konnen sa li fè.
—Ezayi 12:4

Se tout moun k'ap nonmen non ou, menm jan an tou, toupatou sou latè y'ap fè Iwanj ou. Ou gen anpil pouvwa, men ou pa fè lenjistis.
—Sòm 48:10

Si nou pa swiv tout regleman ki ekri nan liv lalwa sa a, si nou pa gen krentif pou Bondye nou an, Senyè ki gen anpil pouvwa, Bondye moun fèt pou respekte a, Senyè a va voye gwo malè sa yo sou nou ak sou ptit nou yo, l'a voye gwo epidemi ki pa tan-de rete, move maladi ki pa konn renmèd.

—Detewonòm 28:58, 59

Li t'ap fè sa pandan plizyè jou. Pòl menm te bouke ak fi a. Li vire, li di lespri a: —Nan non Jezikri, mwen ba ou lòd, sòti sou fi a. Menm lè a, lespri a sòti sou li.
—Travay 16:18

24 FE LWANJ LI POU NON LI KI TOUPISAN

Mwen menm, m'ap di Senyè a mèsi pou jistis li. M'ap fè Iwanj Senyè a ki anwo nan syèl la.
—Sòm 7:17

Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon ptit gason. Y'a rele l Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.)
—Matye 1:23

Senyè, Mèt nou, se toupatou sou latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa!
—Sòm 8:9

Se poutèt sa, Bondye leve l mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non. Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a.
—Filipyen 2:9, 10

Mete tèt nou ansanm avè m pou fè konnen jan Senyè a gen pouvwa. Ann fè Iwanj li ansanm!
—Sòm 34:3

Se pou tout moun fè Iwanj li, paske li gen pouvwa, li merite respè! Se Bondye tout bon li ye!
—Sòm 99:3

Se pou nou nonmen non l depi kounyeya epi pou tout tan tout tan. Depi kote soleyl leve jouk kote soleyl kouche, se pou yo fè Iwanj Senyè a!
—Sòm 113:2, 3

FE LWANJ LI POU NON LI KI TOUPISAN

23

Se chak jou n'ap fè Iwanj ou. Se tout tan n'ap nonmen non ou, n'ap di ou mèsi.
—Sòm 44:8

Senyè a desann nan yon nyaj, li kanpe la toupre Moyiz. Li fè l konnen se li menm yo rele Senyè a.
—Egzòd 34:5

—Leve non, mezammi! Fè Iwanj Senyè a, Bondye nou an, pou toutan toutan! Se pou nou tout fè Iwanj non li ki gen pouvwa, malgre moun p'ap janm ka rive fin di li mèsi ni fè Iwanj li jan li merite l la.
—Neyemi 9:5b

Se pou yo tout fè Iwanj Senyè a! Paske, li annik pase yon lòd, epi tout bagay fèt. Se pou nou tout fè Iwanj Senyè a, paske li gen yon non ki pi gwo pase tout lòt non. Pouvwa li pi wo pase syèl la ak latè a.
—Sòm 148:5, 13

Fè Iwanj Senyè a, paske li gen bon kè! Chante chante pou li, paske li aji byen ak nou.
—Sòm 135:3

Senyè, m'a ofri bét pou yo touye pou ou ak kè kon-tan, m'a fè Iwanj ou, paske ou bon pou mwen.
—Sòm 54:6

Nou pral manje plen vant nou. N'a fè Iwanj Senyè a, Bondye nou an, ki te fè tout bèl bagay sa yo pou nou. Yo p'ap janm pase pèp mwen an nan betiz ankò.
—Jowèl 2:26

M'a chante pou Bondye, m'a fè Iwanj li. M'a di l mèsi, m'a fè konnen jan li gen pouvwa.
—Sòm 69:30

KEK NON AK TIT KRIS GENYEN 25

Pouvwa Souvren Li

Kommansman ak Finisman

—Toupisan an—Revelasyon 1:8

Sèl Otorite Beni a—1 Timote 6:15

Kris la, Senyè a—Lik 2:11

Kris, pouvwa Bondye epi bon
konprann Bondye—1 Korent 1:24

Bondye—Jan 1:1

Bondye tout latè a—Ezayi 54:5

Chèf tout lespri ki gen otorite
ak pouvwa—Kolosyen 2:10

MWEN SE—Jan 8:58

Emannwèl (Bondye ak nou)—Matye 1:23

Juj tout moun kit yo vivan kit yo mouri
—Travay 10:42

Wa glwa la—Som 24:7, 10

WA TOUT WA YO, E CHÈF TOUT CHÈF YO

—Revelasyon 19:16

Senyè a ki sòti nan syèl la—1 Korent 15:47

Senyè ki chèf lame zanj yo

—Ezayi 54:5; Sòm 24:10

Senyè Mèt ki gen Tout Pouwva

—Revelasyon 15:3

Trè Sen an—Danyèl 9:24

Chèf—Matye 2:6

Pitit Bondye a—Jan 9:35-37

Mèveye, Konseyè, Bondye Toupisan,

Papa Etènèl la, Prens Lapè—Ezayi 9:6

26 KEK NON AK TIT KRIS GENYEN

Ki Moun Li ye pou Mond sa a

Dezi Tout Nasyon—Aje 2:7
 Temwen fidèl—Revelasyon 1:5
 Zami pechè yo—Matye 11:19
 Wa sou tout latè a—Zakari 14:9
 Mèt tout moun—Travay 10:36
 Li asepte mouri pou tout moun
 —1 Timote 2:6
 Jij ki Jije san patipri—2 Timote 4:8
 Chèf sou wa latè a yo—Revelasyon 1:5
 Sovè lemond—Jan 4:42
 Gadò nou k'ap veye sou nanm nou
 —1 Pyè 2:25
 Moun Bondye voye nan lachè a—Matye 8:20
 Wòch yo jete a—Matye 21:42

Kòm Sovè

Li fè you delivrans pou tout tan—Ebre 5:9
 Kado Bondye a—Jan 4:10
 Jezikris ki Delivre nou—Tit 3:6
 Senyè ki merite Iwanj la—1 Korent 2:8
 Mesi a—Jan 1:41
 Mesi, Pwens la—Danyèl 9:25
 Ofrann epi sakrifis a Bondye—Efezyen 5:2
 Sila ki Delivre nou—Ezayi 59:20
 Sila ki leve moun mouri yo e bay lavi—Jan 11:25
 Jezikri, Sovè nou—2 Timote 1:10
 Bèl Solèy Lajistis—Malachi 4:2

28 FE LWANJ SENYE A POU PAWOL BONDYE A

Li sòti nan Lespri Bondye a

Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo sòti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye. —2 Timote 3:16

Li Bay Moun ki mete Konfyans yo nan Li Lavi ki p'ap fini a

Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki dezobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo. —Jan 3:36

M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an. —1 Jan 5:13

Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li. —Jan 20:31

Li Pisan

Mesay mwen tankou dife, tankou mato k'ap kraze wòch an miyèt moso. Se mwen menm menm, Senyè a, ki di sa. —Jeremi 23:29

Mwen pa wont anonsé Bòn Nouvèl la: se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè. —Women 1:16a

KEK NON AK TIT KRIS GENYEN 27

Ki moun Li ye pou Sa Yo Ki Kwè

Avoka—1 Jan 2:1
 Moun nan ki bay nou konfyans e kenbe nou ladan l—Ebre 12:2
 Wa ki fè sa ki dwat—Jeremi 33:15
 Pen ki desann sòt nan syèl la—Jan 6:51
 Pen ki bay lavi a—Jan 6:48
 Nonm k'ap marye a—Matye 9:15
 Gwo wòch ki kenbe kay la—Efezyen 2:20
 Gran Gadè Mouton yo—1 Pyè 5:4
 Kris, Moun Bondye chwazi a—Lik 9:20
 Pòt pak mouton yo—Jan 10:7, 9
 Lavi ki p'ap janm fini a—1 Jan 5:20
 Jezikri, Bondye nou ak Sovè nou—2 Pyè 1:1
 Granprèt—Ebre 3:1
 Espwa patisipe nan bèle pouvwa Bondye a
 —Kolosyen 1:27
 Wa tout nasyon—Revelasyon 15:3
 Lespri ki bay lavi—1 Korent 15:45
 Limyè k'ap klere tout latè—Jan 8:12
 SENYE A, DELIVRANS NOU—Jeremi 23:6
 Senyè Jezi—Travay 7:59
 Sila ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò—1 Timote 2:5
 Mesaje kontra a—Malachi 3:1
 Chèf e Sovè—Travay 5:31
 Wa k'ap bay kè poze a—Ezayi 9:6
 Pwofèt—Lik 24:19
 Delivrans—Sòm 19:14

28 FE LWANJ SENYE A POU PAWOL BONDYE A

FE LWANJ SENYE A POU PAWOL BONDYE A

Li Pi
 Pawòl ou se pawòl sèten nèt. —Sòm 119:140a

Li Bon sou Tout Pwen
 Lalwa Senyè a bon sou tout pwen. Li moutre nou jan pou nou viv. Nou mèt gen konfyans nan kòmandman Senyè a. Tout moun ki pa gen konprann, l'ap ba yo konprann. —Sòm 19:7

Li Merite Tout Konfyans
 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: tout tan syèl la ak tè a va la, pa yon ti detay, ni yon sèl ti bout lèt nan lalwa a p'ap disparèt, jouk tout bagay ki pou rive yo rive. —Matye 5:18

Se Garant Laverite pou Nou
 Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou...konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. —Jan 1:14

Jezi reponn li: —Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. —Jan 14:6

Li la pou Tout Tan
 Wi, zèb la cheche, flè a fennen, Men, pawòl Bondye nou an la pou tout tan! —Ezayi 40:8

Se Limyè Nou
 Pawòl ou se yon chandèl ki fè m wè kote m'ap mete pye m, se yon limyè k'ap klere chemen mwen. —Sòm 119:105

30 FE LWANJ SENYE A POU PAWOL BONDYE A

Li Chaje ak Plan Bondye

Se konsa, tou sa ki te ekri nan Liv la depi nan tan lontan, yo te ekri yo pou moutre nou anpil bagay, wi, pou bagay nou jwenn ekri nan Liv la ka ban nou pasyans ak ankourajman pou n ka mete tout espwa nou nan Bondye. –Women 15:4

Pèp Bondye a Renmen Li

Pawòl ou se pawòl sèten nèt. Sèvitè ou gentan renmen li. –Sòm 119:140

Se Manje Nou

... Se pa pen ase moun bezwen pou yo viv. Yo bezwen tout pawòl ki sòti nan bouch Senyè a tou pou yo viv. –Detewonòm 8:3b

Tankou timoun ki fenk fêt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki sòti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt.

–1 Pyè 2:2

Se Grenn nan

Nonm k'ap simen an, se pawòl Bondye a l'ap simen. Gen moun, yo sanble ak tè bò chemen kote pawòl la tonbe a. –Mak 4:14, 15a

Se Nepe a

Pawòl Bondye a...pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun. –Ebre 4:12

32 FE LWANJ SENYE A!

Bondye m Bay Lavi Li pou Mwen

Men sa ki fè nou konnen sa renmen ye: Jezikri bay lavi li pou nou. –1 Jan 3:16a

Se Toupsilon an Ki Resistite Li ye

Jezi di li: —Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. Moun k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p'ap janm mouri. Eske ou kwè sa? –Jan 11:25, 26

Li te Achte Delivrans Mwen

Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou. Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a. –Travay 20:28

Li Te Ba M Nouvèl Nesans la

Gremesi pawòl Bondye a ki yon pawòl vivan epi ki la pou tout tan, nou resevwa yon lòt lavi. Fwa sa a, nou pa sòti nan yon jèm ki ka mouri, men nan yon jèm ki pa ka mouri. –1 Pyè 1:23

Li Delivre M Anba Kondannasyon

Kounyeya, nanpwen okenn kondannasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri. –Women 8:1

Mwen Eritye Richès ki Pa Ka Mezire

... pou yo ka jwenn pòsyon pa yo nan peyi li te pwomèt moun ki renmen l yo. –Jak 2:5b

POU SAN KRIS LA KI SEVI POU SIYEN KONTRA A

31

Li Ekzòd 24:6-8 e Ebre 9

San Kris nan Nouvo Kontra a

Paske, sa se san mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a, san ki koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo. –Matye 26:28

Konsa tou, apre yo fin manje, li pran gode diven an, li di yo: Gode sa a se nouvo kontra Bondye fè avè nou nan san mwen. Se pou nou fè sa chak fwa n'ap bwè ladan l pou nou ka chonje mwen. –1 Korent 11:25

Nou pa bezwen mande kisa ki va rive yon moun k'ap meprize Pitit Bondye a, yon moun ki pran san Pitit Bondye a pou anyen, san ki sèvi pou siyen kontra Bondye a, san ki mete nou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a, san ki mete nou apa pou Bondye a. Wi, nou pa bezwen mande kisa ki va rive yon moun k'ap jouré Lespri Bondye ki ban nou favè li a. Nou tou konnen li merite yon pi gwo chatiman. –Ebre 10:29

Bondye pou nou, li menm ki te fè Jezi, Gran Gadò mouton yo, leve sòti vivan pamì mò yo. Jezi se Senyè nou an ki te mouri pou l te ka siyen kontra ki la pou tout tan an ak san li. –Ebre 13:20b

Moun ki manje kò mwen, ki bwè san mwen, li gen lavi ki p'ap janm fini an. –Jan 6:54a

Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t'ap piblilye a: yo pat renmen lavi yo jouk pou yo ta pè lanmò. –Revelasyon 12:11

FE LWANJ SENYE A!

33

Paske Li Wete Peche M e Sove M

Nou konn sa: Jezikri te parèt pou wete peche lè-zòm, men li menm li pat janm fè peche. –1 Jan 3:5

Paske Li Sove m Anba Destrikson

Lafimen dife k'ap fè yo soufri a ap moute tout tan san rete. Moun ki adore bète la ak estati li a, ansanm ak tout moun ki resevwa mak non li a, yo yonn p'ap gen repo lajounen kou lannwit.

–Revelasyon 14:11

Pou Yon Si Gran Sali

Nou konnen Pitit Bondye a te vini, li louvri lespri nou pou nou ka konnen Bondye tout bon an. N'ap viv ansanm ak Bondye tout bon an, gremesi Pitit li, Jezikri. Se li menm ki Bondye tout bon an, se li menm ki lavi ki p'ap janm fini an. –1 Jan 5:20

Pou Sali Sèten Ki P'ap Janm Fini a

Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo epi yo swiv mwen. Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap janm peri, pèsonn p'ap janm ka rache yo nan men mwen. –Jan 10:27, 28

Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri. –Jan 17:3

FE LWANJ SENYE A!

Pou Lapèl pou M Repanti

Jezi tande sa, li di yo konsa: —Lè yon moun an sante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye yo, men moun k'ap fè sa ki mal yo.

—Mak 2:17

Pou Sali pà Lafwa nan Jezi

Yo reponn li: —Mete konfyans ou nan Senyè Jezi, epi w'a va delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou.

—Travay 16:31

Paske Li Fè Nou Genyen Batay la sou Lanmò a

Lanmò! Kote batay ou genyen an? Lanmò! Kote pouvwa ou te gen pou fè nou lapenn lan? Se peche ki bay lanmò pouvwa pou fè nou lapenn. Se lalwa a ki bay peche a tout fòs li. Men, ann di Bondye mèsi, li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò gremesi Jezikri, Senyè nou an! —1 Korent 15:55-57

Pou yon Sèl Chemen Sali a

Jezi reponn li: —Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pèsonn pa kapab wè Pèyi kote Bondye Wa a si li pa fet yon dezyèm fwa.

—Jan 3:3

Pou Fòs Senyè a epi Chan

Senyè a, se tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante. Se li menm ki delivre m. Se Bondye mwen li ye, m'ap fè Iwanj li. Se Bondye zansèt mwen yo, m'ap di jan li gen pouvwa.

—Egzòd 15:2

36 FE LWANJ SENYE A!

Fè Lwanj Li Tout Tan Tout Tan pou:

Jan Li San Patipri epi jan Li Delivre Moun

M'ap toujou mete espwa mwen sou ou. M'ap fè Iwanj ou tout tan tout tan. M'ap fè konnen jan ou san patipri. Tout lajounen m'a fè konnen jan ou delivre mwen. Jan jistis ou rive jouk nan syèl la. Bondye, ou fè bèl bagay. Pa gen tankou ou!

—Sòm 71:14, 15a, 19

Kè Poze nan Jezi, Venkè a

Mwen pale konsa pou nou kapab gen kè poze nan mwen. Nou gen pou n soufri anpil sou latè. Men, pran kouray, lemonn déjà pèdi devan mwen.

—Jan 16:33

Konfyans Byen Chita pà San Kris la

Konsa, frè m yo, gremesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou an, nou gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a. Kris la louvri yon chemen nèf pou nou, yon chemen k'ap ban nou lavi, yon chemen ki pase nan mitan vwal la, sa vle di: nan kò l menm.

—Ebre 10:19, 20

Delivrans Nou ak Zèl pou Fè sa Ki Byen

Li te asepte mouri pou nou pou li te ka delivre nou anba mechanste, pou li te fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen.

—Tit 2:14

Nou menm pèp yo, di Bondye mèsi! Fè tout moun tande jan n'ap fè Iwanj li!

—Sòm 66:8

FE LWANJ SENYE A!

35

Pou Ansanm nan ak Kris

Sa nou menm nou te wè a, sa nou te tande a, m'ap fè nou konnen l tou pou nou ka viv ansam yonn ak lòt nan lavi nou tout n'ap mennen ansam ak Papa a ansanm ak Pitit li a, Jezikri. —1 Jan 1:3

Koute. Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen m'a antre lakay li m'a manje ansam avè l, l'a manje ansanm avèk mwen.

—Revelasyon 3:20

Senyè a kanpe toupre moun k'ap rele l, toupre tout moun k'ap rele l ak tout kè yo.

—Sòm 145:18

Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo.

—Matye 18:20

Bondye ki rele nou pou nou ka viv ansanm ak Pitit li, Jezikri, Senyè nou an, ap toujou kenbe pa-wòl li.

—1 Korent 1:9

Lè jou sa a va rive, n'a konnen mwen nan Papa a, nou menm nou nan mwen, epi mwen menm mwen nan nou.

—Jan 14:20

Moun ki kenbe kòmandman Bondye yo, y'ap fè yonn ak Bondye, Bondye ap fè yonn ak yo tou. Men ki jan nou konnen Bondye fè yonn ak nou: nou konnen sa paske li ban nou Sentespri li.

—1 Jan 3:24

SENYE AN SE LWANJ MWEN AN 37

Senyè, geri m non, m'a gaya! Delivre m non, m'a sove! Se pou ou m'a fè Iwanj.

—Jeremi 17:14

Li Se Espwa m ki P'ap janm Fini

Se konsa li moutre nou pou nou viv pandan n'ap tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou ak Delivrans nou, va parèt.

—Tit 2:13

Li Se Lavi m ki P'ap janm Fini

Ou te ba l otorite sou tout moun pou l te kapab bay tout moun ou ba li yo lavi ki p'ap janm fini an.

—Jan 17:2

Li Fè Nou Fè Sa ki Dwat

Konsa, Jezikri va fè nou fè anpil bagay ki dwat epi ki bon, pou sa ka sèvi yon Iwanj ak yon bèl bagay pou Bondye.

—Filipyen 1:11

Timoun yo Fè Gwo Lwanj Li

Kèk avèg ak kèk enfim nan pye pwoche bò kote Jezi nan tanp lan. Li geri yo. Men, chèf prèt yo ak direkètè lajwa yo te fache anpil lè yo wè bèl bagay li t'ap fè, lè yo tande timoun yo ki t'ap rele nan tanp lan: Lwanj pou Pitit David la! Yo di Jezi konsa: —Eske ou pa tande sa y'ap di? Jezi reponn yo: —M tande wi. Eske nou pa janm li pawòl sa a nan Liv la: Ou fè timoun piti ak tibebe nan tete fè gwo Iwanj pou ou?

—Matye 21:14-16

38 FE LWANJ LI NAN MITAN EPREV KONFYANS OU

Paske nou menm nou gen konfyans nan li, Bondye ap pwoteje nou ak pouvwa li jouk l'a delivre nou jan sa pral parèt aklè nan dènye tan an. Sa fè nou kontan anpil, menm si kounyeya nou blije gen lapenn anpil pou yon ti tan, avèk tout kalite eprèv n'ap sibi yo.

–1 Pyè 1:5, 6

Apòt yo kite Gran Konsèy la. Yo te kontan dèske Bondye te wè yo merite pou moun te avili yo konsa poutèt non Jezi.

–Travay 5:41

Y'ap fè m lapenn, men mwen toujou gen kè kontan. Mwen sanble m pòv, men mwen fè anpil moun rich. Mwen sanble m pa gen anyen, men se mwen menm ki gen tout bagay.

–2 Korent 6:10

Si se pitit Bondye nou ye, nou gen pòsyon pa nou nan eritaj Bondye te pwomèt moun pa l yo, n'a resevwa pa nou ansanm ak Kris la nan tou sa Bondye te sere pou li. Paske, si nou soufri ansanm ak li, n'a resevwa lwanj nan men Bondye ansanm ak li tou.

–Women 8:17

Frè m yo, chonje pwofèt yo ki te pale nan non Mèt la. Pran egzanp sou yo, pou jan yo te gen pasyans lè yo t'ap soufri. Paske yo te soufri ak pasyans, nou di yo se moun Bondye beni. Nou tande ki jan Jòb te gen pasyans, nou wè bout pou bout sa Bondye te fè pou li, paske Bondye gen bon kè, li gen kè sansib.

–Jak 5:10, 11

40 FE LWANJ SENYE A!

Pou Gras Li, Si Gran, Si Mèveye, epi Gratis

Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo.

–Women 3:24

Paske Nou Libere Anba Peche

Gremesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo. Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil.

–Efezyen 1:7

Paske Nou Libere Anba Lanmò

Se sa k fè, menm jan peche a te bay lanmò lè 1 te donminen sou nou, konsa tou lè se favè Bondye a ki donminen sou nou, li fè moun gras, li ba yo lavi ki pa janm fini an, gremesi Jezikri, Senyè nou an.

–Women 5:21

Paske Nou Libere Anba Malen an

Avèk favè sa a Bondye fè nou an, li fè nou gras. Kounyeya nou ka resevwa sa n'ap tann lan: lavi ki p'ap janm fini an.

–Tit 3:7

Paske Nou Libere Anba Satan

Pou ou kapab louvri je yo, pou fè yo sòti nan fènwa kote yo ye a vin nan limyè, pou wete yo anba pouvwa Satan vin jwenn Bondye. Konsa, lè y'a mete konfyans yo nan mwen, y'a resevwa padon pou tout peche yo, y'a jwenn plas yo nan mitan pèp k'ap viv apa pou Bondye a.

–Travay 26:18

Se poutèt sa, desann nou devan Bondye. Men, pran pozisyon kont Satan, la kouri kite nou.

–Jak 4:7

39 FE FAS TOUT BAGAY AK AKSYONDEGRAS

Okontrè, plen kè nou ak Sentespri. Nan non Senyè nou an, Jezikri, se tout tan pou n'ap di Bondye Papa a mèsi pou tout bagay.

–Efezyen 5:18b, 20

Tou sa n'ap fè, tou sa n'ap di, fè l nan non Senyè Jezi a, san nou pa janm blyie di Bondye mèsi nan li.

–Kolosyen 3:17

Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout si-konstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l mèsi tou lè n'ap lapriyè.

–Filipyen 4:6

Men sa pou ou fè pou Bondye: Di l mèsi pou tout bagay. Fè tout sa ou te pwomèt fè pou Bondye ki anwo nan syèl la. Lè ou nan tray, rele m, m'a delivre ou, fè lwanj mwen.

–Sòm 50:14, 15

Se sa Bondye Mande Nou

Di Bondye mèsi pou tout bagay. Se sa Bondye mande nou, nou menm ki mete konfyans nou nan Jezikri.

–1 Tesalonisyen 5:18

Se Fason pou n Parèt Devan Bondye

Antre nan Tanp li, di l mèsi! Antre kote ki apa pou li a, chante pou li! Wi, fè lwanj li, di l mèsi!

–Sòm 100:4

Ann parèt devan li pou nou di l mèsi! Ann chante yon chante pou fè lwanj li!

–Sòm 95:2

41 FE LWANJ LI POU RELASYON SA YO

Nou Se Zanmi Bondye Toupsilon

Nou tout, se zanmi m nou ye depi nou fè sa m mande nou fè.

–Jan 15:14

Nou Se Ptit Bondye

Paske, tout moun Lespri Bondye a ap dirije, se ptit Bondye yo ye.

–Women 8:14

Nou Se Sèvitè Bondye

Mwen menm Jak, sèvitè Bondye ak Jezikri Senyè nou an.

–Jak 1:1a

Nou Se Anvwaye pou Kris

Se sa k fè mwen pale nan non Kris la menm ki te voye m, tankou si se Bondye menm k'ap pale nan bouch mwen.

–2 Korent 5:20a

Nou Se Wa ak Prèt

Li fè nou tounen wa ak prêt pou n sèvi Bondye Papa li. Se pou li tout lwanj ak tout otorite pou tout tan. Amèn.

–Revelasyon 1:6

Nou Se Manm Kò Kris la

Paske nou se manm kò li.

–Efezyen 5:30

N'a pral Lamarye Ti Mouton Bondye a

Paske, lè a rive kounyeya pou fete maryaj ti Mouton an. Lamarye a pare. Benediksyon pou tout moun ki envite nan resèpsyon maryaj ti Mouton an.

–Revelasyon 19:7b, 9b

42 FE LWANJ—SA FE PATI KILT NOU

M'a di ou mèsi nan mitan tout moun lè yo reyini, m'a fè lwanj ou devan yon gwo foul moun.
—Sòm 35:18

Se pou yo di Senyè a mèsi pou jan li pa janm sis-pann renmen yo, pou bèl bagay Bondye fè pou moun. Se pou yo fè konnen jan li gen pouvwa lè pèp li reyini.
—Sòm 107:31, 32a

Louvri bra nou nan Tamp li, lapriyè, fè lwanj Senyè a!
—Sòm 134:2

Senyè, pa gen tankou ou nan syèl la! Pa gen bondye ki ka wè avè ou! Tout moun k'ap sèvi ou yo respekte ou. Tout moun ki bò kote ou yo pè ou.
—Sòm 89:6, 7

Lwanj pou Senyè a! Chante yon chante tou nèf pou Senyè a! Fè lwanj li nan mitan tout moun k'ap sèvi l yo lè yo reyini!
—Sòm 149:1

M'ap louvri bouch mwen tout lajè pou m di Senyè a mèsi. M'ap fè lwanj li lè tout pèp la reyini.
—Sòm 109:30

Lwanj pou Senyè a! Fè lwanj Senyè a! Nou tout k'ap sèvi Senyè a, nou tout ki kanpe lakay li, nan kote ki apa pou Bondye nou an, fè lwanj li!
—Sòm 135:1, 2

44 FE LWANJ LI, LI MERITE SA ANPIL

Senyè a gen gwo pouvwa! Li merite pou yo fè lwanj li nan lavil Bondye nou an, sou mòn ki apa pou li a.
—Sòm 48:1

Nou menm moun ki rete sou mòn Siyon an, fè fèt, fè gwo fèt! Nou menm moun lavil Jerizalèm, rele, chante tèlman nou kontan! Gade! Men wa nou an ap vin jwenn nou! Li rann jistis san patipri. Li gen-yen batay la. Li san lògèy. Li moute yon bourik, yon ti bourik dèyè manman.
—Zakari 9:9

Se pou tout pèp sou latè fè lwanj ou, Bondye. Wi, se pou tout pèp sou latè fè lwanj ou.
—Sòm 67:3

Tout nasyon ou te fè yo va vin bese tèt devan ou! Y'a fè lwanj ou, paske se ou menm, Bondye, ki gen pouvwa, se ou menm ki fè bèl mèvèy sa yo. Se ou menm sèl ki Bondye.
—Sòm 86:9, 10

Senyè a gen gwo pouvwa. Li merite pou yo fè lwanj li vre. Se pou tout moun pè l pi plis pase lòt bondye yo. Bondye lòt nasyon yo pa anyen, se pòtre yo ye. Men, se Senyè a ki fè syèl la. Devan li, se respè, se chapo ba. Gen pouvwa, gen kè kontan kote l ye lakay li a.
—1 Kwonik 16:25-27

Manifèste Kè Kontan Ou ak Chan

Men, tout moun ki mete konfyans yo nan ou, fè kè yo kontan. Se pou yo chante san rete tèlman yo kontan.
—Sòm 5:11

CHANTE LWANJ POU SENYE A 43

Li mete yon chante tou nèf nan bouch mwen, yon chante pou m fè lwanj Bondye nou an. Anpil moun, lè yo wè sa, yo pral pè, y'a mete konfyans yo nan Senyè a.
—Sòm 40:3

Pou mwen menm, se sou ou mwen konte, paske ou renmen m anpil. Kè m kontan, paske ou delivre mwen. M'ap chante pou Senyè a, paske li te bon pou mwen.
—Sòm 13:5, 6

Ann fè lwanj Senyè a k'ap gouvènen sou mòn Siyon an. Ann fè tout nasyon yo konnen sa li te fè.
—Sòm 9:11

Nou tout ki rete sou latè, chante pou Bondye sitèl-man nou kontan. Fè sèvis pou Senyè a ak kè kontan! Vini non! Fè fet devan li!
—Sòm 100:1, 2

M'a chante pou Bondye, m'a fè lwanj li. M'a di l mèsi, m'a fè konnen jan li gen pouvwa.
—Sòm 69:30

Se poutèt sa, Senyè m'a fè moun lòt nasyon yo konnen ki moun ou ye. M'a chante pou fè lwanj ou.
—Sòm 18:49

Vè minwi konsa, Pòl ak Silas t'ap lapriyè, yo t'ap chante fè lwanj pou Bondye. Lòt prizonye yo menm t'ap koute. Epi, yo rete konsa, tè a pran tranble byen fò, li souke prizon an jouk nan fondasyon li. Menm lè a, tout pòt prizon yo louvri, chenn tout prizonye yo kase.
—Travay 16:25, 26

MWEN KAPAB METE KONFYANS 45 NAN BONDYE M POU TOUT TAN

Mete konfyans nou nan Bondye pou tout tan paske Senyè a ap toujou la pou pwoteje nou.
—Ezayi 26:4

Bondye ki la pou tout tan an ap pwoteje nou. L'ap pran dèfans nou ak pouvwa li ki p'ap janm fini.
—Detewonòm 33:27a

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray. Se poutèt sa, nou te mèt wè tè a ap tranble, nou te mèt wè mòn yo ap chavire tonbe nan mitan lanmè, nou pa bezwen pè anyen. Nou te mèt wè lanm lanmè yo move, y'ap kimen, jouk mòn yo rive tranble le lanmè a ap frape sou rivay la, nou pa bezwen pè. Gen yon gwo dlo larivèyè k'ap koule pou fè kè moun kontan nan lavil Bondye a, sèl kote ki apa nèt pou Bondye ki anwo nan syèl la. Bondye nan mitan lavil la, lavil la p'ap janm bran-nen. Depi granmaten, Bondye ap pote l sekou. Moun lòt peyi yo ap bat kò yo, chèf gouvènman yo pran lèzam. Bondye fè tande vwa li, latè pran tranble.
—Sòm 46:1-6

W'a rele I Jezi. L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Ptit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l wa tankou David, gran granpapa li. L'a gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l lan p'ap janm fini.
—Lik 1:31b-33

46 CHWAZI POU FE LWANJ KRIS POU TOUT TAN

Li menm, sèl Bondye ki delivre nou gremesi Jezi-kri, Senyè nou an, wi, se pou li tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite, depi nan tan lontan, kounyeya ak pou tout tan. Amèn. —Jid 25

Se sa k fè, nou menm ki premye moun ki t'ap tann Kris la, n'ap viv yon jan ki sèvi yon lwanj pou pouvwa Bondye a. Konsa tou, nou menm, moun lòt nasyon yo, apre nou te fin tande mesay laverite a, ki vle di bòn nouvèl k'ap fè nou konnen jan Bondye delivre nou an, nou te mete konfyans nou nan Kris la, n'ap viv ansanm nan Kris la tou. Bondye te make nou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwomèt la. Sentespri sa a, se yon avalwa Bondye ban nou sou eritaj li te pwomèt li t'ap bay pèp li a. Sa ban nou garanti Bondye gen pou fin delivre moun pa l yo nèt. Se sa k fè, nou menm tou, moun lòt nasyon yo, n'ap sèvi yon lwanj pou pouvwa Bondye a tou. —Efezyen 1:12-14

Lè m'ap lapriyè Bondye, mwen mande l pou nou gen plis renmen toujou, ak bonkou konesans pou nou ka rive konprann tout bagay, pou nou ka toujou chwazi sa ki pi bon. Konsa, n'a mennen yon lavi ki pwòp, yo p'ap jwenn anyen pou repwoche nou lè Kris la va vini. Konsa, Jezikri va fè nou fè anpil bagay ki dwat epi ki bon, pou sa ka sèvi yon lwanj ak yon bèl bagay pou Bondye. —Filipyen 1:9-11

48 ADORE KRIS, PASKE LI MERITE SA

Yo t'ap chante yon kantik tou nèf ki pati konsa: Wi, ou merite vre, ou kapab pran Liv la pou kase sele yo, paske yo te touye ou. Se konsa ou bay san ou pou achte yon bann moun pou Bondye, moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon. Ou fè yo tounen yon sèl nasyon pou Wa a, yon bann prêt k'ap sèvi Bondye nou an. Se yo ki va gouvènen sou latè a. Mwen gade ankò, mwen tande vwa yon bann zanj: Yo te tèlman anpil, moun pat kapab konte yo. Yo te kanpe fè wonn kote fòtèy la te ye a ansanm ak bèt vivan yo ak granmoun yo. Zanj yo t'ap chante byen fò: Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj. Apre sa, mwen tande tout kreyati Bondye yo nan syèl la, sou latè, anba tè a, nan lanmè, yo tout yo t'ap chante: Lwanj, respè, pouvwa, otorite pou Moun ki chita sou fòtèy la, ak pou ti Mouton an pou tout tan. Kat bèt vivan yo t'ap reponn: —Wi, se vre. Granmoun yo menm tonbe ajenou, yo t'ap adore. —Revelasyon 5:9-14

O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l. —Revelasyon 4:11

FE LWANJ LI TOUJOU E POU TOUT TAN

Se tout tan m'ap di Senyè a mesi, mwen p'ap janm sispann fè lwanj li.

—Sòm 34:1

Lè sa a nou menm, pèp ou a, mouton ki nan savann ou yo, nou p'ap janm sispann di ou mèsi. Pitit an pitit, n'a fè lwanj ou.

—Sòm 79:13

Lajounen kou lannwit y'ap chante san rete: Wi, li sen, li sen, li sen vre, Bondye sèl Mèt ki gen tout pouvwa a, Li menm ki te la, ki la kounyeya, ki gen pou vini an. Kat bèt vivan yo t'ap chante pou fè lwanj moun ki chita sou fòtèy la, pou rann li onè, pou di l mèsi, li menm ki vivan pou tout tan an. Chak fwa yo pran chante, vennkat granmoun yo tonbe ajenou fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo adore moun ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo devan fòtèy la. Yo di: O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l. —Revelasyon 4:8b-11

Men, nou menm ki vivan, n'ap di l mèsi depi kounyeya ak pou tout tan tout tan. Lwanj pou Senyè a!

—Sòm 115:18

M'ap pase tout lavi m ap fè lwanj Senyè a. M'ap chante pou Bondye mwen pandan tout tan m'ap viv.

—Sòm 146:2

ANNOU FE LWANJ SENYE A!

Senyè a jete m yon defi pou m annik fè lwanj Li pandan 15 minit chak jou. M wè sa fè m pi kontan epi lavi kretyen mwen gen plis viktwa.

Tanpri, pa li ti liv sa a ase. Sèvi ak li pito kòm you gid pou fè lwanj ou a Bondye ki mèveye e ki vivan—yon lwanj ki pi profon, ki sòti nan fon kè ou. Chwazi kèk pati nan vèse sa yo chak maten e viv nan lwanj devan Senyè a. Kite lwanj ou fè Li devni yon atitud vivan e dirab.

Jwenn ak Ekip ki Fè Lwanj Otou Lemonn

Senyè a jete m yon defi pou mande *yon milyon moun* nan tout peyi nan lemonn pou fè Li lwanj pandan 15 minit chak jou. Annou konsidere sa ki gen premye enpòtans. *Ki sa menm* ki te ka pi enpòtan pase fè lwanj Wa de wa a? Eske ou va yonn nan milyon sa a?

—Watson Goodman

This booklet for Christians is published for free distribution as the Lord provides funds in answer to prayer. If you wish more copies to give to those who are following Jesus Christ, please write to the address below to tell us how many you can wisely use. Please tell us clearly, in English, how you plan to distribute the booklets. Other evangelistic booklets are also available in numerous languages. Visit our website at www.wmpress.org.

World Missionary Press, Inc.
P.O. Box 120
New Paris, Indiana 46553 USA

1212/2-R Kreyol PTL